


CHINDINI VS KUZVININIPISA



Chidzidzo 3 cha Kubvumbi 18, 2026



“Nokuti
mumhe
nomumhe
unozikudza,
ucaninipiswa;
vuye mumhe
nomumhe
unozininipisa,
ucakudzwa”

(Ruka 14:11)

Chii chakakosha pandiri? Uyu mubvunzo wakaoma kupindura.

Kana ndikataura zvakawanda (ndichibuditsa dundundu kunze), ndinobvuma kuti zvese zvandiri uye zvandinazvo ndakazviwana ndega.

Ko kana ndikataura zvakawanda nekuti Mwari anonditora semwanakomana Wake?

Kana ndisingatauri chinhu (kuzvininipisa), ndinobvuma kuti zvose zvandiri nezvandinazvo zvinobva kuna Mwari.


Ko kana ndikasataura chinhu nekuti ndinoshaya kuzviremekedza?



Mienzaniso yechindini



Rusifa



Vadzidzi vaJesu



Muteresi

Mienzaniso yekuzvininipisa



Mozisi



Jesu, muenzaniso wakakwana




MIENZANISO YECHINDINI

RUSIFA

“Nokuti zose ziri munyika, zinoti, kuciva kwenyama, nokuciva kwameso, nokuzikudza kwoupenyu, hazibvi kuna Baba, asi panyika” (1 Johani 2:16)

Kana tichitaura pamusoro pekuzvikudza, tinofanira kutaura nezveuyo akatanga kuita manzwiro aya: Rusifa. Akasarudza kusagutsikana nechinzvimbo chake, asi aida kukwira kune chimwe chepamusoro. Pashure penguva yakati, akashuva kukwidziridzwa zvokuti akashuva kugara pachigaro chimene chohumambo chaMwari (Isaya 14:12-14).

“Takagara nhaka” yechido chokuita chero chinotifadza, kuva nechero chatinoda, uye kuwana zvinzvimbo zvinoita kuti tive nomukurumbira kana pfuma. Ndizvo zvatinopiwa nenyika! (1 Johani 2:16).



Asi hakusi shuviro yose kuzvikudza. Kugutsikana kunobva mukubudirira kwomwana, kana kuti vavariro yomunhu oga, hakusati kuri hako kuzvikudza kusina kunaka

Chinhu chinokosha chokuyeuka ndechokuti zvinhu zvedu, unyanzvi hwedu, uye zvatinokwanisa kuita hazviratidzi kukosha kwedu. Kuzvikudza kunosanganisira kusapa Mwari mbiri pane zvaanoita muhupenyu hwedu



VADZIDZI VAJESU

“Zino nharo dzakamuka pakati pavo kuti ndiani kwavari ucanzi mukuru.” (Ruka 22:24)



Vakanga vapedza makore anopfuura matatu vaina Jesu. Akanga achangobva kushambidza tsoka dzavo uye akavaudza nezveropa rake rakadeurwa nokuda kwavose. Zvino vakati vachidya kudya kwemanheru, nhaurirano yavo ikasava nechokuita neizvi zvose; ndiani kwavari ucanzi mukuru? (Ruka 22:24)

Kuzvikudza kwavo kwakavaita kuti vatende kuti vakakodzera nzvimbo yepamusoro. Vakataadza kunzwisisa kukomba kwemanzwiro avo. Vakanga vachibvisa Mwari kubva pamwoyo yavo nokuda kwekuzvikudza kwavo.



Jesu akananga papfungwa yacho: “Asi ini ndiri pakati penyu sounoshumira.” (Ruka 22:27). Nemamwe manzwi: kana uchida kuva mukuru saTenzi wako, shandira vamwe.

Kuzvikudza kwedu kunotitaurira kuti tinofanirwa kushumirwa nevamwe (tiri nani kupfuura ivo). Tinoda nyasha dzaMwari kuti tive varanda vanozvinipisa.





MIENZANISO YEKUZVININIPISA

MUTERESI

“Asi muteresi wakamira kure, asingadi kunyange nokutarira kudenga, akazirova cifuva, akati, 'Mhari, ndinzwirei tsitsi, ini mutadzi!' ” (Ruka 18:13)

Mumwe muFarise aiudza Mwari nezvemabasa akanaka aaita uye nezvakanaka zvaaiva nazvo pamberi peDenga. Asi Jesu akati “akanyengetera mumwoyo make,” kwete kuna Mwari (Ruka 18:11-12). Muenzaniso wakakwana wekuzvikudza.



Muteresi aikumbira kubatsirwa naMwari, nokuti akanga ari mutadzi (Ruka 18:13). Nokuzviisa pamberi paMwari achizvinipisa, “uyu wakaburukira kumba kwake aruramiswa,” “Nokuti mumnje nomumnje, unozikudza, ucaninipiswa, nomumnje nomumnje, unozininipisa ucakudzwa” (Ruka 18:14).

Kuzvinipisa kwechokwadi kunotanga patinobvuma chivi chedu uye tichikumbira rubatsiro rwaKristu.

Zvadaro...

Hatizotarisi vamwe sevakaderera (VaFi. 2:3)

Hatizotsvage kuzivikanwa neruzhinji (Ruka. 14:7-11)

Ticharega vamwe vachitipa kuzivikanwa (Zvi. 27:2)

Tichagamuchira nyasha dzaMwari (Jakobho 4:6)

Tinozopa vamwe nyasha idzodzo (1 Petro 4:10)




“Nokutenda Mosesi, akura, wakaramba kunzi mjanakomana womukunda waFarao, akati zirinani kuitirwa zakaipa pampe cete nvanhu vaMhari pakufarira zivi nguva duku.” (VaHebhuru 11:24-25)



MOZISI



Mozisi akadzidziswa kuva Farao aitevera weEgipita. Akanga ari nyanzvi huru uye ane unyanzvi hukuru hwenjere (Mabasa 7:22). Pazera remakore 40, akasarudza kuisa zvose izvi parutivi ndokubatana nevanhu vake (VaHebhuru 11:24-25).



Akanga ari mudzikinuri! Ruoko rwake rune simba rwaizosunungura hama dzake! Kukanganisa kukuru. Mwari aisagona kumushandisa iye aine kuzvikudza kwakadaro.



Mamwe makore 40 ekuyanana naMwari murenje akamuita munhu anozvininipisa zvikuru (Num. 12:3). Zvino aigona kushandiswa naMwari kutumira madambudziko; kuyambuka gungwa; kugamuchira mirairo ine gumi; kutaura naMwari; kurova dombo... Akatokwanisa kugamuchira nokuzvininipisa chirango nokuda kwechiito chake chorudado, achitora mbiri nokuda kwezvaakaita.(Num. 20:10-12).



Muenzaniso waMozisi unotiratidza kuti kuzvininipisa hakungoerekani kwamuka matiri, asi tinofanira kukumbira Mwari kuti atizadze nako mazuva ose

JESU, MUENZANISO WAKAKWANA

“akati awanikwa nomufananidzo womunhu, akazinipisa, akaterera kusikira parufu, irwo rufu rwomucinjikwa!” (VaFiripi 2:8)

Hapana munhu munyika ino ati ambova—kana kuti achazombova—neukuru hwaiva naJesu asati ava munhu. Asi iye akarasa zvinhu zvose nokuda kwedu. Takatarisana nokunyadziswa kwakadaro, zvose zvatinaivo, zvose zvatiri, kana kuti zvose zvatingagona hazvisi kana chiro kana zvichienzaniswa.

Jesu akarasa Denga kuti afire vanhu netariro yokuti tichanzwisisa chiito chake chenyasha uye tigopindura kukoka kwake kuhukama naye (VaFi. 2:5-8). Iye, pasina mubvunzo, muenzaniso wakakwana wokuzvinipisa.



“Ivai nomoyo uyo, wakanza uri munaKristu Jesu uo” (VaFi. 2:5).

Kuteera muenzaniso Wake, “musingaiti cinhu nenharo, kana nokuzikudza, asi mumne nomumne ngaati nomoyo unozininipisa, uamne uanomupfuura iye pakunaka; 4mumne nomumne ngaarege kutarira zake, asi ngaatarire zauamne uo” (VaFi. 2:3-4).



“1Ndicakuᵓongai nomᵓoyo wangu wose;

Ndicakuimbirai nziyo dzokurumbidza pamberi pavamᵓari.

2Ndicanamata ndakatarira kutembere yenyu tᵓene,

Nokuᵓonga zita renyu nokuda kwounyoro bgenyu nokutendeka kwenyu;

Nokuti makakurisa shoko renyu kupfuᵓura zita renyu rose.

3Pazuᵓa randakadana makandipindura,

Makandisimbisa nesimba pamᵓeya wangu.

4Madzimambo ose enyika acakuᵓongai, Jehova,

Nokuti vakanzwa mashoko omuromo wenyu.

5Zirokwazo, vacaimba vacireᵓa nzira dzaJehova;

Nokuti kubginya kwaJehova kukuru.

6Nokuti Jehova uri kumoro, kunyange zakadaro unehanya nounozininipisa;

Asi unamanyawi Jehova unomuziᵓa ari kure.

7Kana ndicifamba pakati penhamo, imi mucandiponesa;

Mucatambanudza ruᵓoko rwenyu kudziᵓisa kutsamᵓa kwavavengi vangu,

Ruᵓoko rwenyu rworudyi rucandiponesa.

8Jehova ucandikwanisira zihu zangu;

Ngoni dzenyu, Jehova, dzinogara nokusingaperi;

Musarega mabasa amavoko enyu.!”



“Mukuzvida, kuzvikwidziridza, nekuzvikudza mune hutera hukuru; asi mukuzvininipisa mune simba guru. Chiremerera chedu chechokwadi hachichengetwe patinozvifunga zvikuru pachedu, asi kana Mwari ari mundangariro dzedu dzose uye nemoyo yedu yose ichipfuta nerudo kuMudzikinuri wedu uye rudo kune vamwe vedu. Kupfava kwehunhu uye kuzvininipisa kwemwoyo zvinopa mufaro, nepo kuzvitutumadza kuchiunza kusagutsikana, kutsamwa, uye kuodzwa mwoyo kunongoramba kuchiitika. Kudzidza kuzvifunga zvishoma uye kuwedzera kufadza vamwe izvo zvichaunza kwatiri simba rohuMwari.” -Non-Official translation by Gift Mawoyo